



Universiteit  
Leiden  
The Netherlands

## **Bòsò Walikan Malangan : structure and development of a Javanese reversed language**

Yannuar, N.

### **Citation**

Yannuar, N. (2019, October 24). *Bòsò Walikan Malangan : structure and development of a Javanese reversed language*. LOT dissertation series. LOT, Utrecht. Retrieved from <https://hdl.handle.net/1887/79901>

Version: Publisher's Version

License: [Licence agreement concerning inclusion of doctoral thesis in the Institutional Repository of the University of Leiden](#)

Downloaded from: <https://hdl.handle.net/1887/79901>

**Note:** To cite this publication please use the final published version (if applicable).

Cover Page



Universiteit Leiden



The handle <http://hdl.handle.net/1887/79901> holds various files of this Leiden University dissertation.

**Author:** Yannuar, N.

**Title:** Bòsò Walikan Malangan : structure and development of a Javanese reversed language

**Issue Date:** 2019-10-24

---

## Kesimpulan dan Ringkesan

---

Bèsò Walikan Malangan utòwò Òsòb Kiwalan Ngalaman iku jenengé prakték wolak-waliké kata sing ònòk ndhik òsòb Jòwò Malangan. Walikan nggabungnò kata-kata sing asalé òket òsòb Ngalaman, Indonésia Ngalaman, Arab, Inggris, òpò òsòb-òsòb liyané nang njero struktur òsòb Jòwò Ngalaman.

Tujuan utamané disertasi iki yòiku gawé nerangnò strukturé Walikan karo perkembangané mulai biyén sampék saiki. Pertama, Walikan dibahas òket perspéktif òsòb kéra enom, supòyò òsi eruh aspék endhi aé sing òdhòp utòwò bédhò karo òsòb kéra enom liyóné. Ayas yò neliti sistem fonologi lan fonotaktisé òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman gawé ngekéki landasan pas mbahas aturan walikan dan sistem fonologi Walikan. Sing ketelu, ayas yò nggoléki variasi sosiolinguistik sing ònòk ndhik antara macem-macem kelompok bedhò gender dan umur. Terakhir, popularitas Walikan ndhik média dan ruang umum yò dibahas. Iki soalé ndeloki situasi Walikan sing saiki òsi ngekéki gambaran soal masa depané òsòb iku. Hal-hal iku bakal dibahas ndhik ngisor iki.

### Statusé Walikan

Supòyò òsi njelajahi karakteristik Walikan liwat konsép òsòb kéra enom, ayas nerapnò kerangka *Total Linguistic Fact* Silverstein (1985) bèn òsi itreng òpò wujud, prakték, karo ideologiné Walikan. Pòdhò karo òsòb-òsòb kéra enom liyané, wujud Walikan ditòndhò karo suatu manipulasi linguistik, ndhik kasus iki manipulasi fonologis dan semantis. Manipulasi fonologis yòiku pembalikan foném sing ònòk ndhik saben kata. Pembalikan iki biasané selaras karo

sistem fonologi dan fonotaktisé òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman, masiò kadang-kadang ngelanggar watesan fonotaktisé keloro òsòb asal. Manipulasi semantis yòiku gonta-gentiné makna tekan kata tertentu, tòn dhò lék Walikan iku duduk òsòb dolanan sing nggawé dhasar cithakan.

Pas ngomong Walikan, kéné isò nggaé sak pirò-pirò aé kata sing diwalik. Ora kabéh kata ndhik ijis kalimat iku kudu diwalik, masiò mék ijis aud sing dikiwal yo kadit halasam. Ròtò-ròtò genaro sing lancar Walikané iku nggawé kata Walikan sing jumlahé luwih akéh timbang genaro sing kadit patio lancar. Lék misalé ònòk sinonim Walikan sing asalé òket sumber òsòb sing li-yò, genaro sing genomo iku kudu itreng nilai semantik dan sosialé, kirò-kirò bentuk endi sing pantes diéwag sesuai situasi karo òpòs sing dijak genomo.

Kata sing asalé òket dialek Jòwò sakliyané Jòwò Ngalaman iku gak tau diéwag ndhik Walikan. Soalé mesthi dianggep isin-isini, statusé ònòk ndhik ngisoré Jòwò Ngalaman. Sakliyané éksprési-éksprési sing wis terléksikalisasi, kòyòk misalé *ANAMID* ‘ndhik endi’, awalan karo kata ganti milik iku biasané ora isò dikiwal, cukup kata dasaré aé sing dikiwal.

Walikan iku prakték genomo-genomo sing wis berkembang òket slang rahasia sampék dadi penanda identitas komunitas; genaro akeh sing nyebut iku suatu éblem éwag konstruksi idéntitas. Kata-kata Walikan saiki iku digawé ndhik komunikasi sing lebih luas, termasuk karo genaro-genaro sing sakjané kadit òsi genomo Walikan utòwò Jòwò Ngalaman. Prosés sing kòyòk ngéné iki yò ònòk ndhik òsòbé kéra-kéra enom ndik Éropa ambik Afrika (Kießling and Mous 2004; Nortier and Dorleijn 2013).

Ideologiné Walikan iku wis molah-malih sesuai karo perubahan sosial. Jaman biyén, Walikan tau nduduhnò élemén-élemén bòsò-anti (*anti-language*) sing dibahas karo Halliday (1976), tapi mòrò sakmariné hulupesan nuhat bòsò iku digawé karo kéra-kéra enom, antarané pelajar, musisi, karo penggemar bola. Pò dhò karo òsòb Gaul (Smith-Hefner 2007), Walikan iku ngerambagnò penolakan hirarki sosial. Ndhik lévél lokal, Walikan iku wis biasa digawé.

## Wolak-walik Kata dan Fonologi

### Fonologi òsòb Jòwò Ngalaman karo òsòb Indonésia Ngalaman

Konsonan letup ndhik òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman iku sakjané secara akustik *voiceless* alias ganok suarané hébak. Mereka asliné duwé

karakter meletup abot sing diikuti karo vokal sing rodok ònòk vibrasiné, kecuali lék pas kenék nasalisasi ndhik awal kata. Ndhik posisi akhir kata, konsonan letup sing abot iki muncul dadi òncòké, yòiku konsonan letup sing ringan. Konsonan letup glottal [ʔ] iku muncul ndhik òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman sebagai bentuk realisasi /k/ ndhik posisi akhir kata dan akhir kata dasar.

Swòrò vokal ndhik òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman, kecuali *schwa*, iku nduwé alofon sing muncul nuruti kondisi ségmén sing muncul sakmariné dhéké. Alofon-alofon iku distribusiné pòdhò hébak, kecuali vokal isor-tengah /a/ sing muncul ndhik akhir kata, sing ndhik bòsò Indonésia Ngalaman tetep direalisasikan dadi [a], duduk dadi [ɔ] kòyòk mesthiné sesuai historiné ndhik òsòb Jòwò Ngalaman. Kok isò [a] dan [ɔ] dadi foném sing bédhò iku kirò-kirò disebabnò kontak bahasa karo bòsò Indonésia Ngalaman.

Suku kata ndhik òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman iku biasané nduwé utas konsonan ndhik bagian onsét dan kodané, dan utas vokal ndhik nukléusé. Tapi, maksimum agit konsonan aé sing oléh ònòk ndhik onsét suku kata, isò ndhik bagian awal kata dasar utòwò ndhik bagian tengah kata dasar. Bagian akhir suku kata iku gak oléh nduwé kluster konsonan, kecuali ndhik beberapa kata selangan sing sik ranya. Kluster konsonan homorganik sing ndhik bagian tengah kata dasar ndhik òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman iku kadit òsi dipisahnò karo batasan suku kata.

## Wolak-waliké Kata dan Fonologiné Walikan

Wolak-waliké kata ndhik Walikan iku akéh-akéhé ngikuti aturan *Total Segment Reversal*, sing artiné masing-masing ségmén utòwò foném iku diwalik hébak dan ditòtò ulang sakhébaké. Supòyò isò nggawé onsét dan koda sing kipa ndik Walikan, penyisipan vokal dan konsonan, pengilangan vokal dan konsonan, simplifikasi kluster, utòwò ijol-ijolan vokal dan konsonan iku seringkali diperloknò.

Selama proses wolak-waliké kata, bentuk dasar iku diwalik sesuai karo aturan fonologis dan fonotaktik òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman. Sistem fonologis tekan òsòb sumber iku éféktif dan kétok ndhik Walikan. Konsonan letup sing abot ndhik bagian awal kata dadi konsonan letup ringan pas posisine dikiwal dadi ndik bagian akhir kata. Alternasi alofonik tekan /k/ dadi [ʔ] yò kedadén ndhik Walikan. Kluster konsonan homorganik tetep dadi utas ndhik posisi bagian tengah kata, sing isò dadi bukti lek dhéké iki tautosilabik ndhik òsòb Jòwò Ngalaman dan òsòb Indonésia, yòiku dadi utas suku kata.

Beberapa kata Walikan iku, masiò ngono, nduduhno bukti lek penggunaé wis ora ngikuti secara ketat hénam pola alofonik antara /e/ ~[ɛ] dan /a/ ~[ɔ]. Hal iki nunjuknò lék ònòk perubahan fonologis sing lagi terjadi ndhik òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman.

Kadang-kadang kata sing òdhòp iku nduwéni bentuk Walikan sing bédhò-bédhò soalé genaro-genaro penggunaé malik kata iku berdasarkan aturan penulisan kata. Tapi sing luwih penting hénam, òsòb kiwalan iku an-cén digawé éwag nglanggar aturan, dadi yò mesthi aé bakalé akéh variasiné.

## **Variasi Sociolinguistiké Walikan**

Sing ngéwag Walikan iku genaro-genaro òket macem-macem jenis kelamin karo bédhò-bédhò umuré pisan. Genaro nganal biasané luwih percaya diri lék genomo Walikan timbangané genaro kodéw, iki kétok pas mereka dinokati perkòrò kelancaran berbicara. Sakliyané iku, jumlah kata karo éksprési sing négatif konotasiné yò ònòk luwih akéh ndhik omongané genaro-genaro nganal.

Macem-macem kelompok umur iku pòdhò nggawé bentuk Kiwalan sing bédhò-bédhò. Genaro sing kéwut cenderung manut nang fonologi ambik fonotaktiké Jòwò Ngalaman utòwò òsòb Indonésia Ngalaman. Nang kasus liyané, kadang mereka nggawé éjaan sing luwih sawal. Genaro sing enom iku grup sing luwih dinamik, polahé mereka nambah-nambahi utòwò nggawé bentuk ranya karo ngarang pengucapan sing kadit dieruhi genaro kéwut.

Perbédaan iki artiné Walikan iku duduk prakték genomo-genomo sing mandheg aé, genaro kéwut sik isò nggawé, tapi genaro enom iku kelompok sing nduwéni kontrol nang bentuk kontemporér Walikan. Genaro enom iki sing nyiptaknò bentuk-bentuk inovatif dan sing sering digawé.

Walikan iku wis ònòk két hulupesan taun mbiyén, dan saiki wis diéwag karo genaro-genaro tekan macem-macem umur dan kelompok jenis kelamin. Walikan iku ora digawé karo genaro enom thok, dadi saiki iso dileboknò kategori bòsò urban (Rampton 2015). Genaro kéwut dan enom pòdhò-pòdho nganggep Walikan iku suatu jenis òsòb Jowò Ngalaman sing informal dan kolokial dan isò dadi tònndhò kebanggaan lokal, solidaritas, karo identitas regional.

## Masa Depané Walikan

Walikan iku prakték linguistik sing awalé digawé genomo-genomo aé tapi saiki wis digawé ndhik berbagai média. Walikan wis berkembang òket òsòb genomo-genomo biasa dadi òsòb sing tertulis, òket interaksi ndik njero kelompok nang komunikasi publik, dan òket platform offline nang platform online.

Walikan iku wis òsi ngenalnò macem-macem wernò lokal nang nggéné lanskap linguistik kuthò Ngalam. Walikan yo isò nduduhnò lék òsòb (urban) lokal iku òsi koeksis ndhik lanskap linguistik Indonésia bareng-bareng karo bòsò Indonésia standar dan bòsò daérah liyané.

Perubahan dan perkembangan sing ònòk ndhik domainé Walikan iku ngenalnò perubahan sing ònòk ndhik dasaré bòsò iku éwéd, òket kesesuaian nang fonotaktik òsòb Jòwò dadi berubah nang penggunaan strategi inovatif sing kadang nabrak aturan fonotaktik. Masiò ngono, bentuk tertulis Walikan sing ònòk ndhik média sik sesuai karo aturan fonotaktik, soalé bentuk-bentuk iku kudu isò diterimò secara sosial dhisik, sak durungé isò diterimò secara luas. Dadi, bentuk standar Walikan iku ditentukan oleh konsénsus informal sing ònòk ndhik komunitas bahasané.

Walikan iku wis ònòk két amil nuhat kepungkur, dan bakalé ònòk sampé hulupesan nuhat luwih hénam. Supòyò dhéké òsi bertahan, genaro-genaro sing òsi genomo Walikan kudu terus ngéwag Walikan. Pemerintah òsi aé ndukung genaro-genaro hébak supòyò nggawé Walikan ndhik endi-endi, tapi ké-tokané Walikan bakalan tetep digawé ndhik domain sing informal.

## Panduan gawé Riset Masa Depan

Analisa struktur Walikan ndhik disertasi iki akéh-akéhé berdasarkan léksikon dan struktur internalé kata-kata Walikan. Hasilé òsi nduduhnò yòkopò dan sampék sepirò fonologi dan fonotaktis Walikan iku ngikuti utòwò ngelanggar sistem sing ònòk ndhik òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman. Hasil ndeloki sistem fonologi òket òsòb haud iku nggarai ayas òsi nyumbang pisan nang kumpulan déskripsi dialék-dialék òsòb Jòwò.

Ndhik déskripsi òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman iki, ayas wis nerangnò lék bédhoné antara konsonan sing retroflex dan sing non-retroflex iku tambah éwus tambah ngilang, òdhòp karo sing ditemoknò ndhik dialék Jòwò liyané (Villerius 2019; Zen 2019). Perubahan iki òsi aé diakibatnò bilingualisme bòsò Indonésia kéra-kéra licek, kòyòk sing ònòk ndhik òsòb Jò-

wò Ngalaman iki, dan mungkin juga kenék pengaruh faktor sosial, jenis kelamin, karo umur. Sing penting penelitian berikuté kudu didésain éwag melajari wujud perubahan unsur bòsò sing wis nyebar nang endi-endi iki.

Konsonan letup ndhik posisi akhir kata iku dinétralisir ndhik Walikan. Hal iki òdhòp karo hasilé penelitian akustiké Vander Klok et al. (2018) tentang yòkòpò penutur òsòb Jòwò Tengahan sing bilingual iku genom konsonan letup Jòwò ndhik posisi akhir kata. Mené-mené, bakalé menarik lék ònòk sing ngéwag penelitian serupa nang penutur Walikan. Ròtò-ròtò penutur Walikan iku bilingual, soalé meréka òsi molak-malik kata-kata dalam òsòb Jòwò Ngalaman dan Indonésia Ngalaman. Dadi, studi kòyòk ngono iku isò nduduhnò peranan transfer linguistik utòwò éfék-éfék gangguan nang còrò penutur iki ngucapnò konsonan letup abot dan ringan.

Halas ijisé hasil penelitian soal fonologiné Walikan iku nduduhnò lék pola alofonik antara /e/ ~[ɛ] dan /a/ ~[ɔ] iku gak selalu digawé secara konsistén karo penutur Walikan. Hal iki òsi dadi bukti lék ònòk perubahan sing lagi terjadi ndhik njeroné bòsò Jòwò Ngalaman akibat pengaruh bòsò Indonésia. Embén-embén diharapnò ònòk penelitian sing mbahas secara mendalam kemungkinan ònòké perubahan bòsò sing nggawé luwih akéh data bòsò Jòwò sing Jòwò Timuran dan bòsò Indonésia.

Kemungkinan penelitian ndhik masa depan sing òsi dilakoni yòiku ndhik aréa òsòb urban dan informal kéra enom. Bakalan kipa lék ònòk sing mendesain secara sistematis còrò nglumpuknò data Walikan tekan Internét utòwò média digital. Korpus ayas iki isiné Internét data sing diklumpuknò tekan macem-macem wébsite dan forum, tapi ayas kadit nggawé métode pengumpulan data sing khusus sing isò ngéwangi njupuk pengambilan halas ijisé macem Walikan secara keseluruhan. Tujuan ayas pas ikò yòiku nglumpuknò korpus kata-kata Walikan tekan Internét seakéh mungkin dan ndeloki penggunaané ambik yòkòpò genaro-genaro iku nggunakno kata-kata iku mau. Ndhik masa depan, lék isò ònòk sing fokus nang média komunikasi digital tertentu terus mengobservasi yòkòpò genaro-genaro iku berinteraksi ndhik kono nggawé Walikan. Hubungan antara bòsò urban dan komunikasi digital iku menarik éwag peneliti ndhik ranah sosiolinguistik, studi media, studi komunikasi, dan studi literasi digital.

Kotis hénam, bakalé luwih kipa lék ònòk sing òsi nggawé datasét sing luwih gedhé tekan Walikan utòwò bòsò-bòsò urban dan informal kéra enom sing liyané. Datasét iku isiné yò isò mengandung data tekan daérah pinggiran utòwò ndésò, nggén sing selama iki kadit tau dibahas karo akéh-akéhé penelitian tentang òsòb informal. Genaro-genaro sing ònòk ndhik korpus Walikan-ku iki contohé, akéh-akéhé asalé tekan daérah kuthò Ngalam. Mené hénam,



genaro-genaro sing tekan ndésò òsi diajak supòyò deskripsi Walikan iki òsi luwih kipa.

Akhiré, disertasi iki yò ngéwangi nambahi déksripsi òsòb urban dan informal kéra enom sing ònòk ndhik Asia Tenggara, sing sampék saiki sik tergolong kurang patiò dibahas dan dikaji masiò lagi marak digawé ndhik daerah iku (Djenar 2015; Hoogervorst 2015). Tulisan iki diharapnò isò nggaraknò penelitian sing berikuté luwih fokus nang jenis komunikasi sing serupa ndhik aréa Asia Tenggara.

